



Governor Andrew M. Cuomo
State of New York



Governor Chris Christie
State of New Jersey

Pou Piblikasyon Imedya: 11 septanm 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO AK GOUVÈNÈ CHRISTIE AP POTE ANSANM YON GWROUP AJANS KAP FÈ RESPEKTE
LALWA AK SEKIRITE POU AMELYORE PREPARASYON AK KOWÓDINASYON NAN REJYON NY-NJ**

***Tout ajans sekirite piblik ki enpòtan yo pral rankontre avèk Gwoup Travay konjwen FBI sou teroris pou
asire kowòdinasyon nan piwo nivo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Gouvènè Chris Christie jodia te anonse ke yo pral reyini ansanm wo responsab ajans kap fè respekte lalwa ak nan biwo sekirite piblik yo nan nivo lokal, eta ak federal nan bi pou amelyore preparasyon sekirite ak kowòdinasyon nan rejyon New York-New Jersey. Nan limyè ogmatasyon ak resan aktivite mouvman ekstremis teroris aletranje, ak potansyèl menas yo poze sou chak eta ak nan zòn metropoliten yo, efò sa a te kowòdone avèk Port Authority NY & NJ - pral reyini ansanm tout otorite enpòtan kap fè respekte lalwa ak sekirite pou afime ak devlope sou kowòdinasyon preparasyon ak sekirite ki egziste deja. Sa a pral ranfòse kowòdinasyon ant plizyè jiridiksyon ki chaje pou sekirize pwen antre yo ki gen risk elve nan zòn metropoliten - ki se kay kapital finansye mond lan, youn nan sant touris ak komès ki pi frekante nan mond lan - enkli ayewopò, pò, chemendefè ansanm avèk risk sou pwen dantre nan òdinatè enfòmasyon teknoloji.

Toulède gouvènè yo pral rankontre avèk Biwo Federal Envestigasyon Gwoup Travay konjwen sou Teroris, yon gwoup federal ki konpoze de espesyalis ki soti nan plizyè douzèn ajans entelijans ak ajans kap fè respekte lalwa. Reyinyon an pral gen ladan George Venizelos, Asistan Direktè anchaj biwo eksteryè FBI New York. Jeh Johnson, Sekretè Sekirite Enteryè Etazini, te envite pou patisipe.

“Avèk nouvo menas kap grandi nan ogmantasyon òganizasyon teroris ekstremis, nou dwe pran tout mezi posib nou kapab pou amelyore enfrastrikti sekirite nou pou efikasan prevni ajanda malonèt gwoup sa yo pou yo pa vini sou sòl Ameriken an,” Gouvènè Cuomo te deklare. “New York ak New Jersey kanpe nan sant rezo finans mondyal la, komès ak touris, sa mete nou nan yon pozisyon atiran sib potansyèl teroris. Mezi sa yo pral ranfòse kowòdinasyon ant otorite lokal, eta ak federal e nan fè sa, li pral pi byen pwoteje sitwayen nou yo kont atak teroris. Map rete tann pou m travay ansanm avèk patnè

lokal, eta, ak federal e mwen remèsye yo pou efò kontinyèl yo pou kanpe vijilan kont menas a rejyon nou an ansanm avèk sitwayen yo.”

“Avèk menas potansyèl kap grandi aletranje, li esansyèl ke nou rete vijilan epi asire ke nou kontinye genyen yon preparasyon atantif kowòdone ak sekirite operasyon ant de eta nou yo ak gouvènman federal la pou sekirite pèp nou an, rejyon nou an, ak byen nou yo,” te deklare Gouvènè Christie. “Reyini gwoup sa yo ansanm pral ede ranfòse efò ki egziste deja gason ak fi yo ki chaje pou pwoteksyon ak sekirite rejyon nou an, epi asire ke nou kontinye reponn efikasan a nenpòt menas posib.”

Joseph D'Amico pral reprezantan prensipal New York, sipè-entandan Lapolis Eta, ak Jerome Hauer Komisyonè Divizyon sekirite enteryè ak sèvis dijans. Ajans yo kap patisipe nan gwoup la gen ladan Port Authority New York ak New Jersey, Lapolis Eta New York, Depatman Lapolis New York, Lapolis Otorite Transpòtasyon Metropolitan, Gad Nasyonal New York, ansanm avèk lòt ajans kap fè respekte lalwa ak sekirite piblik.

Reprezantan prensipal pou New Jersey pral gen ladan Sipè-entandan Lapolis Eta kolonèl. Rick Fuentes, Direktè Biwo Sekirite Enteryè ak Preparasyon New Jersey Christopher Rodriguez, reprezantan yo ki soti nan Lapolis Eta New Jersey, Transpòtasyon New Jersey, Gad Nasyonal Eta New Jersey, ansanm avèk lòt ajans kap fè respekte lalwa ak sekirite piblik.

Gwoup plizyè ajans lan pral travay an konjonksyon avèk Gwoup Travay Konjwen FBI sou Teroris (JTTF). JTTF yo bay yon gichè inik pou enfòmasyon osijè aktivite teroris, e yo lokalize nan 103 vil nan tout peyi a, enkli Vil New York, Albany ak Buffalo.

Nan jou kap vini yo, otorite New Jersey ak New York pral anonse detay sou konvokasyon yon reyinyon gwoup de-eta sa.

Enfòmasyon sou Gwoup Travay konjwen FBI kont Teroris:

Gwoup travay konjwen FBI kont teroris, oswa JTTF yo, nan avangad nan peyi nou an kont teroris; ti selil ki otman kalifye, ki baze lokalman, envestigatè ki angaje avèk pasyon, analis, lengwis, ekspè SWAT, ak lòt espesyalis yo ki soti nan plizyè douzèn ajans entelijans ak otorite kap fè respekte lalwa nan Etazini. Lè li kesyon pou envestige sou teroris, yo fè tout, swiv pis, rasanble prèv, fè arestasyon, bay sekirite pou aktivite spesyal yo, fè fòmasyon, kolekte ak pataje entelijans, epi reponn a menas ak ensidan nan moman yon notifikasyon. Gwoup travay la baze nan 103 vil nan tout peyi a, enkli omwen youn nan chak nan 56 biwo nou yo sou teren an. Yon total 71 nan JTTF sa yo te kreye depi 9/11; premye a te etabli nan vil New York nan ane 1980.

Jodia, JTTF gen ladan plis pase 4,200 manm nan tout peyi a— plis pase kat fwa total anvan 9/11 — ki gen orijin nan plis pase 600 ajans lokal ak eta ak 50 ajans federal (Depatman Sekirite enteryè, Militè Etazini, Imigrasyon ak Kontwòl Fwontyè, ak Administrasyon Sekirite Transpò, pou nome kèk ladan yo). Yo bay yon gichè inik pou enfòmasyon osijè aktivite teroris. Yo pèmèt yon baz entelijans pataje pami anpil

ajans. Yo kreye familiarite pami envestigatè ak manadjè yo anvan yon kriz. E petèt pi enpòtan ankò, yo mete an komen talan, konpetans ak konesans atravè kominote entelijans ak aplikasyon lalwa an yonsèl ekip ki reponn ansanm.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE